

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pasualan kahirupan nu karandapan ku manusa bisa dijadikeun ideu atawa gagasan pikeun ditulis jadi hiji karya sastra. Karya sastra téh minangka eunteung tina kahirupan sosial masarakatna. Wellek jeung Warren (dina Retnasih, 2014, kc. 14) nétélakeun yén sastra minangka eunteung jeung média dina ngaéksprésikeun hirup. Sedengkeun nurutkeun Yanti (2015, kc. 2), karya sastra minangka karya manusa anu dihasilkeun ku imajinasi pangarang. Sastra henteu bisa dipisahkeun tina imajinasi pangarang kana karya nu diciptakeunna (Sapdiani, dkk, 2018).

Dina karya sastra kasampak ayana réalitas-réalitas jeung gagasan anu asalna ti pangarang. Réalitas sosial kahirupan masarakat dina pangalaman pangarang jadi faktor utama anu mangaruhan karakteristik pangarang dina nyiptakeun karyana. Éta hal saluyu jeung kamandang Wahyudi (2013, kc. 56) yén pangarang ngaimajinasikeun tina réalitas sosial jadi hiji karya sastra anu disebut eunteung kahirupan sosial. Budiman (2021, kc. 8) nétélakeun yén réalitas sosial tangtu terus barobah jeung kaayaan, kahirupan kiwari jeung baheula téh moal sarua. Kalungguhan karya sastra minangka eunteung tina sagala aspék kahirupan, struktur sosial, hubungan kulawarga, konflik kelas, budaya, jsb.

Pangarang dina ngahasilkeun karya sastra, tangtu miboga amanat, boh sacara *tersirat* boh *tersurat*. Ieu hal minangka édukasi pikeun pamaca nepi ka bisa méré mangpaat. Luyu jeung tiori anu diébréhkeun ku Horace nyaéta *dulce et utile*, hartina yén karya sastra anu hadé téh kudu miboga unsur pikaresepeun anu matak ngahibur tur méré mangpaat (Badrun, 1983, kc. 73).

Karya sastra nu diciptakeun ku pangarang, salasihijina wangun carpon. Carpon mangrupa karya sastra wangun nyata tina paripolah jeung pangalaman pangarang kana fénoména sosial nu aya di lingkungan masarakat. Ngaliwatan carpon, pangarang mampu méré informasi ngeunaan pamikiran jeung ide-ide anyar dina nyanghareupan fénoména sosial (Kurnianto, 2015, kc. 208).

Gita Kurnia Dewi, 2024

**PAROBAHAN SOSIAL JEUNG KAJIWAAN TOKOH DINA KUMPULAN CARPON SANGKAKALA
KARYA CÉCÉP BURDANSYAH (ULIKAN SOSIO-PSIKOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah téh minangka karya sastra anu raket patalina jeung fénoména atawa réalita sosial nu kajadian di masarakat. Ieu kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah téh dina taun 2023 asup kana nominasi Hadiah Sastra Rancagé katégori karya sastra Sunda nu medal taun 2022 (galura.pikiran-rakyat.com). Imajinasi anu ditulis ku Cécép dina éta kumpulan capon téh dirojong ku kasadaran ngeunaan réprésentasi masarakatna dina kaayaan kahirupan sosial nu aya di sabudeureunana. Kasampak ayana parobahan sosial jeung gangguan kajiwaan tokoh dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah pikeun dianalisis jeung bisa dijadikeun pangajaran hirup di masarakat.

Ieu hal katitén dina eusi caritana, tokoh-tokoh nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah réa nyaritakeun kajadian di masarakat nu patali jeung ayana prosés parobahan sosial ogé kajiwaan tokohna. Contona, dina carpon "Runtut Raut", nyaritakeun salaki pamajikan nu boga lalakon ti balik dina ngurus rumah tangga. Kiwari, kahirupan kawas kitu, geus henteu anéh upama peran salaki jeung pamajikan ti balik, lalaki cicing di imah ngurus budak, awéwé nu néang nafkah kaluar. Prosés parobahan sosial anu dialaman ku tokoh Atam nyaéta kaayaan anu mimiti mah pikarunyaean nepi ka jadi tokoh anu pasrah jeung pibagjaeun. Tina éta prosés parobahan sosial téh, aya kajiwaan Atam anu kaganggu ku sabab harga dirina jadi salaki asa geus leungit, "Harga diri asa geus leungit. Hulu geus ditincak. Lamun téga kana duriat mah moal aya kasieun najan rék nepi ka pepegatan gé." (Burdansyah, 2022, kc. 55-56). Kitu ogé, dina carpon "Sangkakala", nu nyaritakeun tokoh kuring nu keur ngopi di kafé duaan jeung Fatma (awéwé nu maké jilbab), éta hal téh mangrupa imajinasi anu dijieun ku tokoh kuring. Tokoh kuring anu keur ngobrol jeung Fatma ngeunaan juru hutbah nu nyarita yén urang geus aya di ahir jaman, éta obrolan téh bet manjang tur ayana pacogrégan, nepi ka Fatma ngaléos ti éta kafé. Kateusugema, Fatma, bisi teu nyaho, robah jadi amarah. Di dieu kuring tuluy ngadagoan Fatma. ngajublek jadi patung. Nu boga kafé ukur bisa ngayakinkeun, lalaki nu ngajublek jadi patung téh asalna duaan jeung baturna, awéwé dijilbab, tur geus jadi langganan matuhna sanajan teu apal idéntitasna. Saban poé tamu beuki merul. Kafé tambah kajojo. Bangunan digedéan. Anu asalna ukur bisa nampung dua puluh urang, ayeuna sanggup nampung lima puluh urang.

Daganganana leuwih variatif. Hargana jadi undak. Nu boga kafé jeung pelayanna geus teu sieun deui ku patung. Malah sok dioconan, boh ku nu jarajan, boh ku pelayan. Ti harita, patung jadi panyembahan. Teu Jawa, teu Sunda teu Batak, kum nepi ka urang bulé jeung nu saripit. Jauh dijugjug, anggang ditéang, nu hayang usahana maju, hayang meunang jodo, hayang jadi pajabat. Robahna pajamanan, panon anteng neuteup dua cangkir cikopi. Ngabayangkeun manéh jadi cangkir kopi. Sakitu padeukeut, tapi teu bisa silih kedalkeun jeung silih déngékeun. Ukur purah digalar-gilir dipénta jasa.

Éta carita téh, miboga konflik batin tokoh kuring anu keur nyorangan ngabayangkeun hirup ngobrol jeung awéwé nepi ka ditinggalkeun. Sakitu kagangguna kajinaan manéhna (tokoh kuring) nepi ka ayana prosés parobahan sosial anu ngalaman parobahan leutik jeung gedé, parobahan laun jeung gancang, sarta parobahan anu direncanakeun atawa henteu nepi ka tokoh mungkas éta pasualan carita.

Dina carita nu ditulis ku Cécép Burdansyah, kumpulan carpon *Sangkakala* kabéhna aya 15 judul. Éta kumpulan carpon, dipilih lantaran ayana unsur luar anu patali jeung parobahan sosial sarta batin tokoh hususna dina kajinaan tokohna minangka bagian masalah nu diangkat ku pangarang. Ku kituna, parobahan sosial jeung kajinaan tokoh dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah jadi alesan pikeun ditalungtik.

Ieu pamarekan téh ku sababaraha ahli mah disebutna sosio-psikologi sastra. Ulikan sosio-psikologi sastra nyaéta élmu interdisipliner anu ngawengku élmu sosiologi jeung psikologi. Élmu sosiologi digunakeun pikeun ngulik widang sosial anu nyampak dina karya sastra. Sedengkeun, gangguan psikis atawa kajinaan bisa dianalisis kalawan élmu psikologi. Endraswara (2011, kc. 96) ngébréhkeun yén sosio-psikologi nyaéta kolaborasi antara élmu sosiologi jeung élmu psikologi anu bisa mantuan kana pamahaman sastra minangka éksprési individu sarta ébréhan aktivitas sosial. Sosiologi sastra patali jeung psikologi sastra sabab objékna sarua, nyaéta manifétasi manusa anu kaidéntifikasi dina karya. Bédana, objék sosiologi sastra nyaéta manusa dina masarakat minangka transindividual, sedengkeun objék psikologi sastra nyaéta manusa sacara individual, paripolah minangka maniféstasi psiko.

Psikologi nyaéta élmu anu patali jeung prosés parobahan sosial. Psikologi nyaéta bagian tina élmu-élmu sosial anu hasil ulikan-ulikanana jeung panalungtikanana miboga légitimasi kana prosés parobahan sosial anu dilakukeun ku para praktisi (Fitria, 2002, kc. 34). Nurutkeun Delvia, spk (2015), pasualan parobahan sosial, disababkeun ku ayana kaayaan anu henteu stabil, boh individu boh kelompok sosial. Ku ayana hal éta, bakal ngakibatkeun kajadian anu henteu saimbang. Masalah parobahan sosial nyaéta ngawengku sakabéh aspék kahirupan manusa dina paripolah di antara kelompok-kelompok masarakat atawa individu anu diulik dina pamarekan sosiologi sastra.

Sosiologi sastra nyaéta ilmu interdisipliner nu ngagabungkeun élmu sastra jeung élmu sosiologi (Wiyatmi, 2013). Nurutkeun Nurhapidah & Sobari (2019), sosiologi sastra nyaéta pamarekan pikeun ngajén paripolah nu patali jeung manusa atawa mahluk sosial pikeun ngaprésiasi karya nu ditingali tina aspék sosial kahirupan masarakat. Ulikan sosiologi sastra, ditingali tina eunteung antara karya sastra jeung fénoména sosial nu kajadian di masarakat. Kitu ogé, nurutkeun Damono (2002, kc. 2), sosiologi sastra mangrupa pamarekan sastra dina hasil tinimbangan segi-segi ka-masarakatan. Sedengkeun Endraswara (2013), ngébréhkeun yén sosiologi sastra nyaéta ulikan nu gumantung kana aspék sosial pikeun ngawangun hiji karya sastra. Kanyataan nu aya dina sosiologi nyaéta kanyataan subjéktif henteu objéktif, jadi pangarang bébas nuliskeun pamikiran jeung asumsina pikeun ngaéksprésikeun karyana. Réalitas nu digambarkeun dina karya sastra, mindeng lain réalitas nu sabenerna, tapi réalitas nu dipikahayang atawa disampurnakeun ku pangarang. Analisis sosiologi kudu nala'ah aspék-aspék sosial masarakat dina karya sastrana, sabab ésénsi karya sastra dipangaruhan, lain ditangtukeun ku kaayaan sosial (Aisyah, Wahyuni, & dkk, 2019).

Sedengkeun, psikologi sastra nyaéta hasil kajiwaan tokoh nu dijieun ku pangarang dina wangun karya sastra. Psikologi sastra miboga pamikiran pikeun ngahadirkeun manusa minangka wangun tina naluri-naluri jeung konflik batin (Melati, T. S., Warisma, P., jeung Ismayani, 2019, kc. 231). Analisis psikologi kana karya sastra, henteu leupas tina hal nu patali jeung kahirupan. Sanajan sipat-sipat manusa dina karya sastra imajiner, tapi dina ngagambarkeun kapribadian jeung jiwana, pangarang ngajadikeun manusa nu hirup di alam dunya minangka modél

dina ciptaanana. Nurutkeun Endraswara dina Jusriani (2015, kc. 2), psikologi sastra nyaéta kajian sastra nu ngébréhkeun yén karya salaku aktifitas kajiwaan. Pangarang bakal ngagunakeun cipta, rasa, karya, dina nyiptakeun hiji karya. Kitu ogé pamaca, dina ngaréspon karya teu leupas tina kajiwaan séwang-séwang. Thahir (2018, kc. 52), sacara skématis Sigmund Freud ngagambarkeun jiwa minangka Gunung És, bagéan anu pangleutikna nyaéta puncak tina Gunung És, upama dina hal kajiwaan nyaéta kasadaran (*consciousnes*), ka handapna aya bagéan pra kasadaran (*sub consciousnes*), sarta bgaéan anu panggedéna aya di dasar cai, dina hal kajiwaan mangrupa alam teu sadar (*unconsciousness*).

Dumasar kana wangenan sosiologi jeung psikologi sastra, bisa dicindekkeun yén antara sosiologi jeung psikologi sastra téh mangrupa dua disiplin élmu nu béda, tapi dina panalungtikan atawa nganalisis hiji karya sastra, éta dua paélmuan téh bisa dilarapkeun babarengan. Nurutkeun Swingewood (1971) ayana panalungtikan sosio-psikologi sastra panalungtikan bakal leuwih teleb sacara kompréhénsif.

Sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun tur dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan di antarana dina Munawir, Muhamad (2020) Analisis Unsur Sosio-Psikologi Sastra Puisi Doa untuk Anak Cucu Karya W.S Rendra sebagai Sumber Pembelajaran Sastra, panalungtikan Munawir ngawengku hubungan antara kahirupan sosial masarakat kana karyana, unsur kahirupan sosial masarakat dina puisi jeung sikep pangarang kana kahirupan sosial masarakatna. Violita, Erfinda jeung Redyanto Noor (2023) Dinamika Kepribadian dan Gangguan Kejiwaan Tokoh Azura dalam Novel Persona Karya Fakhrisina Amalia, dina éta panalungtikan Violita jeung Redyanto ngagunakeun pamarekan psikoanalisis Sigmund Freud. Sarta panalungtikan Fitria, Maya (2002) Psikologi dalam Proses Perubahan Sosial, anu ngaguar ngeunaan tiori psikologi anu aya patalina jeung élmu sosial atawa sosiologi. Sanajan papada ngagunakeun pamarekan psikologi jeung sosiologi sastra. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta nalungtik parobahan sosial ngagunakeun tiori Ian Watt, kajiwaan tokoh anu ngagunakeun tiori psikologi Jaques Lacan, jeung pangaruh parobahan sosial kana kajiwaan tokoh.

Panalungtikan-panalungtikan nu geus didadarkeun di luhur, ngajelaskeun yén kalungguhan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna téh teu sarua. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna “Parobahan Sosial jeung Kajiwaan Tokoh dina

Kumpulan Carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah (Ulukan Sosio-Psikologi Sastra)” téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Aya dua hal anu diguar dumasar kasang tukang di luhur, nyaéta idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang masalah anu dipedar, kapanggih sababaraha masalah anu perlu diidéntifikasi. Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah, di antarana:

- 1) parobahan sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Sangkakala*, nekenkeun kana parobahan-parobahan sosial anu aya patalina jeung réalitas sosial;
- 2) kajiwaan tokoh anu nyampak dina kumpulan carpon *Sangkakala*, kompléksna konflik batin tokoh nu aya dina eusi éta kumpulan carpon; sarta
- 3) pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial dina carita kumpulan carpon *Sangkakala*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan, dirumuskeun saperti kieu.

- a) Kumaha parobahan sosial dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah?
- b) Kumaha kajiwaan tokoh anu nyampak dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah?
- c) Kumaha pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan miboga dua tujuan.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun gambaran atawa déskripsi ngeunaan parobahan sosial, kajiwaan tokoh, sarta pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal saperti ieu di handap.

- 1) Parobahan sosial dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.
- 2) Kajiwaan tokoh anu nyampak dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.
- 3) Pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, praktis, sarta isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta, hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung pamahaman dina élmu kasusastraan, hususna nu patali jeung panalungtikan carpon nu ngagunakeun pamarekan sosiologi jeung psikologi sastra.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi nu hadé pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daérah boh pamaréntah nasional.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sacara praktis pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan.

- 1) Pikeun panalungtik, meunang pangaweruh anyar hususna ngeunaan sosiologi jeung psikologi sastra dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.
- 2) Pikeun masarakat sacara umum, tegesna nu mikaresep karya sastra, dipiharep bisa méré gambaran/réfléksi kahirupan nyata masarakat nu aya dina eusi carita kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah katut parobahan sosial sarta kajiwaan tokohna.
- 3) Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber rujukan dina raraga ngaprésiasi karya sastra Sunda hususna carpon, nu ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra hususna tiori Ian Watt jeung psikologi Jaques Lacan.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep jadi tinimbangan pikeun bahan bacaan ngeunaan parobahan sosial dina ulikan sosiologi sastra jeung kajiwaan tokoh dina ulikan psikoanalisis Jacques Lacan. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi cara pikeun ngajén kualitas tina karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi sababaraha bab, sakumaha pedaran ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi opat; mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori nu diguar nyaéta ngeunaan carpon, tiori sosiologi sastra, tiori parobahan sosial, tiori psikologi sastra, sarta tiori kajiwaan tokoh. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan méthode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung data jeung sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab medar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. implikasi jeung rékomendasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung Rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.